

Non Timoun nan: _____

Dat Nesans: _____

Pwogram Entèvansyon Bonè (Early Intervention Program) a, selon Lwa federal sou Edikasyon pou Moun ki gen Andikap (Individuals with Disabilities Education Act) la, dwe kominike enfòmasyon kontak ki limite (non, adrès ak nimewo telefòn paran, non timoun nan, dat nesans ak dat referans pou Pwogram Entèvansyon Bonè a) pou enfòm distri eskolè lokal ou a sou posibilite kalifikasyon pitit ou a nan pwogram ak sèvis edikasyon preskolè espesyalize yo lè pitit ou a vin gen laj 3 lane. Avi sa a pèmèt distri eskolè a prepare li pou kalifikasyon posib pitit ou a pou pwogram ak sèvis edikasyon preskolè espesyalize yo.

Omwen 90 jou anvan kalifikasyon posib pitit ou a pou sèvis selon Seksyon 4410 Lwa sou Edikasyon (Section 4410 of Education Law) an, kowòdonatè sèvis ou a dwe founi yon avi alekri bay Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize (Committee on Preschool Special Education) a ki nan distri eskolè lokal kote yon timoun ki kalifye rezide konsènan tranzisyon posib pitit ou a.

Yon paran gendwa refize (opoze) alekri avèk avi alekri a epi konsa yo pa kapab voye enfòmasyon kontak limite yo bay Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a. Paran an dwe enfòm kowòdonatè sèvis la alekri, nan lespas 30 jou kalandriye apati dat avi sa a, pou di paran an chwazi refize egzijans avi alekri a.

Yo enfòm mwen sou egzijans avi a ak delè 30 jou kalandriye pou refize avi alekri a. Mwen dakò pou voye avi alekri a epi mwen chwazi renonse avèk peryòd 30 jou pou refi a.

OSWA

Yo enfòm mwen sou egzijans avi a epi mwen konprann mwen gen 30 jou kalandriye apati dat jodiya pou m refize avi alekri a. Mwen konnen ke si mwen pa kontakte kowòdonatè sèvis mwen an alekri, nan lespas 30 jou kalandriye apati dat jodiya, yo pral voye avi alekri bay Komite pou Sèvis Edikasyon Preskolè Espesyalize nan distri eskolè lokal mwen an.

OSWA

Yo enfòm mwen sou egzijans avi a epi mwen chwazi refize pou yo pa voye avi alekri a bay Komite pou Sèvis Edikasyon Preskolè Espesyalize nan distri eskolè lokal mwen an.

Siyati Paran: _____ Dat: _____

Tanpri sonje: Si fòmilè Avi Alekri ak Refi Alekri pou ranpli a gen siyati elektwonik Paran/Responsab Legal la, siyati sa a dwe gen yon mak validasyon siyati elektwonik ladan tou (ki disponib atravè aplikasyon tankou Adobe Acrobat, DocuSign, elatriye) ki gen ladan dat ak lè yo te siyen fòmilè an. Si mezi sekirite sa pa disponib, yo dwe enprime fòmilè Avi ak Refi Alekri a pou pèmèt paran/responsab legal la siyen pou konsantman an sou kopi papye a.

TO BE FILLED OUT BY THE SERVICE COORDINATOR

Parent objected to the written notification to the Committee on Preschool Special Education Services.
Service coordinator received written objection on (Date): _____

No written parent objection received within 30 calendars days (Date): _____